

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY DETAY SOU AKTYALIZASYON NAN PLAN FINANSYE
BIDJÈ EGZEKITIF ANE FISKAL 2020 AN*****Bidjè a Rete Ekilibre Malgre Rediksyon Anplis nan Estimasyon Revni yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a chanjman nan Plan Finansye Bidjè Ezekitif Ane Fiskal 2020 an (FY 2020 Executive Budget Financial Plan), gen ladan tou re-estimasyon ak amannman. Resepsyon taks estime yo te revize a la bèss akòz resèt pi fèb taks sou revni pèsònèl nan Desanm 2018 ak Janvyè 2019. Rediksyon depans yo nan Fon Jeneral (General Fund) ki estime a ak itilizasyon resous disponib yo konpanse revizyon a la bèss yo nan resèt yo.

“Chanjman ki motive politikman yo Gouvènman federal la fè nan dediktibilite taks lokal ak leta a deja koute New York 2.6 milya dola”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Kòm Washington kontinye gè sivil ekonomik yo a lè y ap reestriktire ekonomi an pou benefis leta wouj yo, nou ap pran mezi pou kenbe yon Plan Finansye ki solid epi sove entegrite fiskal New York.”

Revizyon nan Plan Finansye a gen ladan yon 3.8 milya dola ki re-estime a la bèss pou pèsèpsyon taks sou revni pèsònèl sou dezan, gen ladan l tou 2.6 milya dola nan Ane Fiskal 2019 la ak 1.2 milya dola nan Ane Fiskal 2020 an. Espesyalman, konpozant peman estime taks sou revni pèsònèl te bese nan 2.3 milya dola nan ane aktyèl la epi 900 milyon dola nan Ane Fiskal 2020 an, epi konpozant retansyon an nan 261 milyon dola ak 344 milyon dola nan ane aktyèl la ak ane pwochèn, respektivman. Enpak rediksyon yo ap mentni nan ane apre Plan Finansye a, an konfòmite ak yon baz pi ba pou tou de konpozant yo. Deklen nan resèt taks estime yo reflekte chanjman nan konpòtman kontribyab yo gen ladan l tou chanjman modèl peman yo pou reponn ak Lwa sou Rediksyon Taks ak Jòb 2017 (Tax Cuts and Jobs Act) la.

Plan Aktyalize a ekilibre nan Ane Fiskal 2019 la nan Ane Fiskal 2020 an. Yon konbinezon nouvo pwopozisyon ak mezi administratif konpanse rediksyon nan resèt taks sou revni pèsònèl yo ak depans pou yon nouvo kontra travay.

Depans Fon Operasyonèl Leta a estime ak 100.1 milya dola nan Ane Fiskal 2019, ak 102 milya dola pou Ane Fiskal 2020 an, konfòmman ak yon repè pou kwasans anyèl 2 pousan nan toude ane yo.

“Chanjman taks federal yo se yon gwo entèripsyon nan Plan Finansye a”, **Direktè Bidjè Leta a Robert F. Mujica, Jr. te deklare**. “Avèk amannman sa yo nan Bidjè Egzekitif la ak Revizyon nan Plan Finansye a nou pran menas sa a trè serye jan li merite a.”

Lejislasyon ak narasyon pou tout amannman ki ajoute nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2019, ansanm ak Plan Finansye aktyalize a, disponib sou [sitwèb](#) Divizyon Bidjè Eta New York la (New York State Division of the Budget).

Chanjman kle nan Plan Finansye a gen ladan l pwen sa yo:

- Twa aksyon avanse nan pwogram Medicaid la pou jenere 550 milyon dola anplis nan soulajman Fon Jeneral la. Premyeman, Finansman Transfòmasyon Swen Sante a ki te gen pou distribye a pral redeplwaye pou sèvis lojman. Dezyemman, reflete bilan solid Sistèm Lopital Volontè Majè yo, Peman Swen Endijan yo pral redui. Twazyemman, yon rediksyon jeneral nan rambousman founisè Medicaid yo pwopoze, li ka gen ladanl apwòch altènativ ki atenn ekonomi ki konparab. Rediksyon sa a ap apwoche 0.8 pousan epi li pap afekte peman lwa Federal egzije yo (sètadi, sant sante ki kalifye Federalman yo, kay retrèt) oswa peman dirèk ki otorize anba lwa ijyèn mantal la.
- Gouvènè a pral mande Depatman Sante (Department of Health) pou rekonvoke Ekip pou Rekonsewa Medicaid la pou kondui yon evalyasyon konpreyansif sou pwogram Medicaid la epi fè rekòmandasyon pou amelyore pi devan aksè ak sèvis medikal ekonomik ak wot kalite epi estabilize kondisyon fiskal sou long tèm Plafon Global Medicaid la. Ekip pou Rekonsewa Medicaid (MRT) la pral gen ladan l lidè nan endistri swen sante a ak aktè yo nan tout Leta a epi l ap konvoke ane sa a pou kondui evalyasyon li an epi rapòte rekòmandasyon yo bay Gouvènè a. Sijè pou revizyon yo ap gen ladan yo san yo pa limite ak sa yo: adrese bezwen popilasyon vilnerab yo, reponn ak peyizaj Federal aktyèl la, evalye opsyon yo pou amelyore kouvèti ak aksè asirans sante abòdab, asire avni sistèm swen nou an sou long tèm epi estabilize fiskalman founisè swen sante ki an difikilte.
- Plan Finansye a gen ladan l ekonomi ki soti nan fèmte twa prizon pou redui kapasite ekseksif akòz rediksyon nan popilasyon prizon an.
- Amannman Bidjè Egzekitif yo gen ladan yo lejislasyon pou pwoteje entegrite fiskal Leta a lè l egzije pou vote lwa ki gen enpak fiskal apre bidjè a te fin vote pou akonpanye yon plan pou peye depans lwa sa yo.
- Amannman nan Bidjè Egzekitif la pral asire vil ak vilaj yo pa afekte sevèman akòz chanjman nan pwogram Èd ak Avantaj pou Minisipalite (Aid and Incentives to Municipalities, AIM) yo. Pwopozisyon an t ap dirije konte yo pou itilize revni anplis taks sou lavant yo nan eliminasyon avantaj taks sou entènèt la pou repare vil ak vilaj apre rediksyon AIM nan pou minisipalite ki mwens depandan yo. Pou asire gouvènman lokal yo resevwa resous anplis sa yo pi vit, Leta a pral aplike tou egzijans taks sou lavant Entènèt yo pi bonè, kòmanse premye Jen ane sa a kontrèman ak premye Septanm, dat ki te itilize anvan an nan Bidjè Egzekitif la.
- Konfòmman ak Bidjè Egzekitif la epi pou reflete ensètitud revni Leta yo ki ka atribye ak refòm taks federal la, Plan Finansye a kontinye depo planifye 250 milyon dola nan Rezèv pou Move Jou (Rainy Day Reserves) yo, premye nan de depo planifye yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)